

**ANALISIS HERMENEUTIKA NGEUNAAN AJÉN-AJÉN BUDAYA
DINA NOVÉL SANG PEMIMPI KARYA ANDREA HIRATA
MINANGKA ALTERNATIF BAHAN AJAR BASA
INDONÉSIA KELAS X SMA**

RINGKESAN

Panalungtikan ieu dilandasan ku pentingna pamangpaatan karya sastra salaku média pangajaran anu mampuh nanjeurkeun ajén-ajén budaya sarta ngabentuk karakter peserta didik. Tujuan tina panalungtikan ieu nyaéta pikeun nganalisis ajén-ajén budaya dina novel Sang Pemimpi karya Andrea Hirata ngaliwatan pendekatan herméneutika, nalungtik patalina jeung unsur intrinsik novel, sarta meunteun relevansina salaku alternatif bahan ajar Basa Indonésia kelas X SMA. Kajian tiori anu digunakeun ngawengku konsép analisis herméneutika, ajén-ajén budaya dumasar kana pola hubungan manusa, tiori novel, unsur intrinsik, sarta konsép bahan ajar. Panalungtikan ieu ngagunakeun métode kualitatif déskriptif kalayan sumber data mangrupa téks novel Sang Pemimpi. Téhnik ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan téhnik maca jeung nyatet, sedengkeun analisis data ngagunakeun modél interaktif Miles jeung Huberman anu ngawengku réduksi data, panyajian data, sarta nyieun kacindekan. Hasil panalungtikan nuduhkeun yén novel kasebut ngamuat ajén-ajén budaya hubungan manusa jeung Gusti, alam, masarakat, diri sorangan, sarta sasama manusa, anu kacérmin dina tokoh, galur carita, latar, jeung amanat carita. Ajén-ajén éta relevan pikeun di hijikeun dina pangajaran sastra minangka alternatif bahan ajar, hususna anu dumasar kana LKPD. Kacindekan panalungtikan nétélakeun yén novel Sang Pemimpi pantes dimangpaatkeun minangka bahan ajar pikeun nguatkeun pangajaran karakter jeung apresiasi sastra di tingkat SMA.

Konci Kecap: hermeneutika, ajén budaya, novél